TERMES DE RÉFÉRENCE

Appel à projets compétitif : Bourses à l'innovation « Prévention des VBG » destinées aux organisations de la société civile et organisations communautaires de base féminines du département du Sud, en Haïti

Intitulé	Appel à projets compétitif – Bourses à l'innovation « Prévention des VBG »
Organisation responsable	Médecins du Monde Suisse (MdM Suisse) – Haïti
Partenaire de mise en œuvre	Rasanbleman Madan Sara Ayiti (RAMSA)
Public cible	Organisations de la société civile (OSC) et organisations communautaires de base (OCB) féminines
Zone d'intervention	Haïti, département du Sud : Aquin, Cavaillon, Chantal, Torbeck, Port-Salut et Roche-à-Bateau
Initiatives sélectionnées	10 initiatives : 3 bourses financières et 7 initiatives bénéficiant d'un accompagnement institutionnel et technique
Durée de mise en œuvre	De 90 à 180 jours, soit de 3 mois à 6 mois à compter de la date de signature de la convention
Langue de dépôt	Français
Référence	A3PV/HAI/APPEL/2026
Date de publication	20 novembre 2026
Date limite de dépôt	15 jours à compter de la date de publication

CONTEXTE

Médecins du Monde Suisse (MdM Suisse) met en œuvre, avec le partenaire local Rasanbleman Madan Sara Dayiti (RAMSA), le projet « Femmes, hommes et communautés, ensemble pour prévenir la violence basée sur le genre et promouvoir l'égalité dans le département du Sud, en Haïti » (projet A3PV), du 1er février 2026 au 31 janvier 2029, avec l'appui de la Coopération suisse (DDC).

Le département du Sud évolue dans un contexte de forte vulnérabilité socio-économique, d'affaiblissement des services de base et de persistance de normes sociales inégalitaires qui renforcent les risques de violences basées sur le genre (VBG). En septembre 2025, il accueillait, après l'Ouest, le plus grand nombre de personnes déplacées internes du pays (200 907 personnes), pour l'essentiel au sein de familles hôtes, ce qui accroît la pression sur des communautés déjà fragilisées. Les femmes et les filles, en particulier celles engagées dans l'économie informelle comme les Madan Sara, y font face à des risques accrus de violence, alors qu'elles jouent un rôle central dans la survie économique des ménages et la cohésion communautaire.

Dans ce contexte, les mécanismes communautaires de prévention, d'alerte et d'orientation des survivantes restent faibles ou inexistants dans plusieurs communes, et les organisations locales, notamment féminines, disposent de peu de moyens pour porter leurs propres initiatives. L'Activité 1.1.2 du projet, « Bourses à l'innovation "prévention des VBG" pour les OSC et OCB », répond à ce besoin :

elle vise à encourager, financer et accompagner des initiatives locales conçues et portées par des organisations féminines.

BRÈVE PRÉSENTATION DU PROJET

Le projet A3PV repose sur une approche intégrée combinant prévention communautaire, renforcement des capacités locales, promotion de l'égalité de genre et participation active des communautés. Il s'articule autour de trois axes :

- le renforcement des OSC et OCB féminines pour influencer durablement les normes sociales et les pratiques communautaires ;
- le renforcement du rôle et du leadership des « Madan Sara » comme actrices de prévention et ambassadrices de la lutte contre les VBG ;
- la mobilisation des hommes et des garçons ainsi que des établissements scolaires autour d'une approche de masculinité positive.

Le présent appel s'inscrit dans le premier axe (Réalisation 1, Produit 1 : les OSC et OCB se mobilisent et innovent en matière de prévention des VBG). Les initiatives soutenues sont complémentaires des autres activités du projet (comités de lutte contre les VBG, Madan Sara, groupes d'hommes « Bon Gason », écoles) et pourront s'appuyer, le cas échéant, sur les priorités identifiées avec les communautés dans le cadre du Diagnostic Communautaire Participatif et des plans d'action locaux.

OBJECTIFS ET RÉSULTATS ATTENDUS

Objectif général

Encourager, financer et accompagner des initiatives locales innovantes portées par des OSC et OCB féminines afin de renforcer la prévention communautaire des VBG et la promotion de l'égalité de genre dans les six communes ciblées du département du Sud.

Objectifs spécifiques

- Identifier des initiatives communautaires pertinentes, innovantes et adaptées aux réalités des communes ciblées ;
- Sélectionner dix (10) initiatives prometteuses à l'issue d'un processus compétitif, transparent et documenté ;
- Attribuer trois (3) bourses financières aux initiatives les mieux classées ;
- Apporter aux sept (7) autres initiatives retenues un accompagnement institutionnel et technique ;
- Contribuer au développement et à la mise à l'essai de dix initiatives communautaires innovantes de prévention des VBG, et en documenter les résultats et les enseignements.

Résultats attendus

- Un appel à projets compétitif est organisé de manière équitable, accessible et documentée ;
- Dix (10) initiatives communautaires innovantes de prévention des VBG sont sélectionnées ;
- Les trois (3) initiatives les mieux classées sont financées et mises en œuvre ;
- Les sept (7) autres initiatives retenues bénéficient d'un accompagnement et sont développées selon un plan convenu ;
- Les résultats et les enseignements des dix initiatives sont documentés et partagés.

NATURE DE L'APPUI

Initiative	Appui
Bourse « Catherine Flon » – 1re initiative classée	Subvention de 655,500.00 HTG (plafond)

Initiative	Appui
Bourse « Sanite Bélair » – 2e initiative classée	Subvention de **524,400.00 HTG** (palfond)
Bourse « Défilée Bazile » – 3e initiative classée	Subvention de **393,300.00 HTG** (plafond)
Sept (7) autres initiatives retenues	Accompagnement institutionnel et technique ; pas de subvention financière

Les trois (3) bourses portent les noms de trois héroïnes de l'indépendance d'Haïti, Catherine Flon, Sanite Bélair et Défilée Bazile, en hommage à leur courage et à leur engagement pour la liberté.

- **Montant de la bourse.** Il correspond au budget justifié de l'initiative, dans la limite du plafond associé au rang. Si le budget présenté dépasse ce plafond, le périmètre et le budget de l'initiative sont ajustés avec MdM Suisse avant la signature de la convention.
- **Accompagnement institutionnel et technique.** Il comprend, selon les besoins identifiés avec chaque organisation : un appui aux démarches de régularisation administrative (par exemple règlement ou renouvellement de la patente, selon le statut) ; un renforcement technique (telles que des formations pour la prévention des VBG, masculinité positive, égalité de genre) ; un mentorat et une mise en réseau. Il est formalisé dans un plan d'accompagnement convenu avec l'organisation.

PÉRIMÈTRE ET INITIATIVES ATTENDUES

Les initiatives doivent être mises en œuvre dans une ou plusieurs des six communes cibles : **Aquin, Cavaillon, Chantal, Torbeck, Port-Salut et Roche-à-Bateau**. À qualité équivalente, le comité de sélection veillera à une répartition géographique équilibrée entre les communes.

Les propositions doivent contribuer directement à la prévention des VBG et à la promotion de l'égalité de genre, partir des réalités et des besoins des communautés, et montrer comment les femmes et les organisations féminines conçoivent et conduisent l'initiative. À titre indicatif, elles peuvent porter sur :

- la sensibilisation communautaire aux formes de VBG, à l'égalité de genre, au respect et au consentement ;
- des dialogues communautaires impliquant femmes, hommes, jeunes et leaders communautaires, traditionnels et religieux ;
- la mobilisation et la formation de relais communautaires capables de reconnaître les situations de VBG, d'écouter avec respect et d'orienter vers les services appropriés ;
- la création ou l'expérimentation d'outils, de supports ou de méthodes innovants de prévention et de transformation des normes sociales ;
- la communication communautaire (radios locales, théâtre populaire, autres formes d'expression adaptées au contexte) ;
- le renforcement de la solidarité, de la participation et du leadership des femmes dans la prévention des VBG.

Les initiatives tiendront compte de la diversité des personnes exposées aux risques de VBG, conformément à l'approche « Leave No One Behind » du projet : femmes et filles, hommes et garçons, personnes déplacées internes, personnes en situation de handicap et personnes LGBTQI+.

Exigence de qualité. Une proposition ne peut se limiter à une succession d'activités de sensibilisation : elle explique le changement recherché, les personnes concernées, la méthode, les résultats attendus et la manière dont l'initiative sera testée et documentée.

Ne seront pas financées : la prise en charge médicale, psychosociale ou juridique directe de survivantes lorsque l'organisation n'a pas la compétence requise (l'orientation vers les services existants est en

revanche attendue) ; la collecte de témoignages identifiants de survivantes ; les activités à caractère politique partisan ou religieux ; l'achat de véhicules ; le remboursement de dettes ; les dépenses déjà financées par une autre source.

CRITÈRES D'ÉLIGIBILITÉ

Conditions relatives à l'organisation

- Être une OSC ou une OCB **féminine**, c'est-à-dire dirigée par une femme ou comptant une majorité de femmes dans ses instances de direction, et dans laquelle les femmes participent effectivement aux décisions et à la conduite des activités ;
- mener des activités dans au moins une des six communes ciblées et disposer d'un ancrage communautaire ;
- démontrer une connaissance des réalités locales et un engagement en faveur de la prévention des VBG et de l'égalité de genre ;
- être en mesure de mettre en œuvre, suivre et documenter l'initiative, avec l'accompagnement prévu
- accepter les principes éthiques, de protection, de confidentialité et de non-discrimination décrits à la section « Principes éthiques et de protection ».

Conditions relatives à l'initiative

- Être mise en œuvre dans une ou plusieurs des six communes ciblées ;
- répondre clairement à un enjeu de prévention des VBG et/ou de promotion de l'égalité de genre ;
- être conçue et portée par l'organisation candidate, avec la participation réelle des communautés concernées ;
- être faisable dans la durée prévue et dans le budget, et susceptible de produire des résultats observables ;
- prévoir des mesures de suivi, d'apprentissage et de documentation, ainsi que des mesures pour ne pas exposer les participantes à des risques.

Conditions administratives

Chaque organisation ne peut déposer qu'**une seule candidature**. Les pièces exigées dépendent du statut de l'organisation :

- **OSC constituée :** récépissé, statuts ou reconnaissance officielle (acte de reconnaissance légale du Ministère des affaires sociales ou de la mairie par exemple, patente le cas échéant, liste des membres du bureau ;
- **OCB non formalisée ou en cours de régularisation :** lettre de reconnaissance d'une autorité locale (mairie, CASEC/ASEC) ou d'un partenaire institutionnel, liste des membres du bureau et de leurs coordonnées.
- Les organisations sélectionnées dans le cadre de cet appel à projet devront disposer d'un compte bancaire dans une banque commerciale ou auprès d'une institution de micro-finance.

L'absence de patente à jour n'est pas un motif d'exclusion automatique : le statut de l'organisation est examiné, l'accompagnement prévu portant notamment sur cette régularisation.

Liens d'intérêt. Les organisations liées à MdM Suisse ou à RAMSA (membres, partenaires, personnel ou proches de leurs responsables) doivent déclarer ce lien dans leur dossier. Les personnes concernées ne participent pas à l'évaluation du dossier correspondant. Les organisations déjà partenaires du projet (par exemple celles qui bénéficient de l'appui au renforcement de capacités) peuvent candidater dans les mêmes conditions et sont évaluées selon la même grille.

DOSSIER DE CANDIDATURE

Le dossier est **rédigé en français.** Des canevas simplifiés sont fournis en annexe afin de ne pas désavantager les organisations ayant des capacités rédactionnelles limitées. Une aide à la compréhension et à la complétion du dossier est proposée lors des séances d'information et sur demande, sans influence sur l'évaluation.

Pièce	Contenu attendu
1. Lettre de candidature et fiche d'identification (Annexe 1)	Identité de l'organisation, communes d'intervention, responsables, coordonnées, statut ; motivation en une page maximum.
2. Note conceptuelle (Annexe 2)	Problème, changement recherché, bénéficiaires, approche innovante, activités, participation des femmes et des communautés, inclusion, protection et gestion des risques, résultats, suivi, durabilité. 6 pages maximum.
3. Plan de travail et budget (Annexe 3)	Chronogramme simple et budget détaillé et justifié, en USD.
4. Pièces administratives	Selon le statut de l'organisation (voir « Conditions administratives »).
5. Expériences et références	Une page : actions communautaires déjà conduites et références disponibles (attestations, rapports, photos, lettres de partenaires).
6. Déclaration d'engagement signée (Annexe 4)	Exactitude des informations, absence de conflit d'intérêts, respect des principes éthiques et de protection.

MODALITÉS DE DÉPÔT

Modalité	Information
Adresse électronique	haiti.appel.projet@medecinsdumonde.ch, en indiquant « A3PV Haiti Sud – Bourses innovation » dans l'objet.
Date et heure limites	15 jours à compter de la date de publication, soit le 04 décembre 2026 à 12h00. Les dossiers reçus après ce délai ne sont pas examinés.
Questions	Par écrit au plus tard avant la fermeture de l'appel à projet. Les réponses d'intérêt général sont communiquées à toutes les organisations.
Séances d'information	Dans les communes ciblées, ainsi que par annonces radio.
Accusé de réception	Remis ou envoyé à chaque organisation candidate.

Les dossiers sont examinés après la date limite, sur une même base. L'appel n'est pas clôturé avant cette date. Seuls les dossiers complets sont évalués.

ÉVALUATION ET SÉLECTION

Étapes

- Réception et enregistrement des dossiers ;
- Vérification de la recevabilité et de l'éligibilité ;

- Évaluation individuelle de chaque dossier par les membres du comité, sur la base de la grille ci-dessous ;
- Délibération du comité, établissement du classement et proposition des dix initiatives retenues ; les organisations les mieux classées peuvent être invitées à un échange ou à une visite de vérification
- Validation du classement par la direction de MdM Suisse – Haïti ;
- Notification des résultats à toutes les organisations candidates.

Grille d'évaluation

Critère	Éléments d'appréciation	Points
Pertinence et alignement	Réponse à un enjeu local de prévention des VBG ; cohérence avec les objectifs du projet A3PV ; prise en compte des priorités des communautés.	15
Participation et leadership des femmes, inclusion	Rôle décisionnel des femmes ; participation des communautés ; prise en compte des groupes exposés à des vulnérabilités spécifiques ; implication des hommes et des jeunes.	15
Innovation et adaptation au contexte	Caractère nouveau ou amélioration significative d'une approche existante ; créativité ; adaptation aux réalités locales.	15
Qualité de la démarche et faisabilité	Clarté de la méthode ; cohérence des activités ; réalisme du chronogramme ; répartition des responsabilités.	15
Protection et gestion des risques	Mesures de confidentialité, de sécurité et de consentement ; prévention des risques pour les participantes ; orientation vers les services. **Note minimale de 5/10 exigée.**	10
Résultats, suivi et apprentissage	Résultats attendus concrets ; indicateurs simples ; capacité à tester et documenter l'initiative.	10
Ancrage, capacité et durabilité	Expérience et références ; ancrage communautaire ; appropriation locale ; perspectives de continuité.	10
Cohérence budgétaire	Budget détaillé, justifié et proportionné aux activités et aux résultats attendus.	10
TOTAL		100

- **Seuil minimal :** 60/100. Un dossier ayant moins de 5/10 au critère « Protection et gestion des risques » ne peut pas être retenu.
- **Égalité de notes :** priorité à la meilleure note au critère « Pertinence et alignement », puis au critère « Protection et gestion des risques ».
- **Moins de dix dossiers qualifiés :** seules les initiatives atteignant le seuil sont retenues ; MdM Suisse peut lancer un appel complémentaire si nécessaire.
- **Désistement :** l'initiative suivante du classement est sollicitée.

Comité de sélection

Le comité est constitué avant l'ouverture de l'évaluation et comprend deux membres de MdM Suisse, un membre de RAMSA, et un représentant du Ministère à la Condition féminine et aux Droits des femmes.

Chaque membre signe une déclaration de confidentialité et de prévention des conflits d'intérêts. Tout membre en situation de conflit d'intérêts réel, potentiel ou apparent avec une candidate le déclare et ne participe pas à l'évaluation de son dossier. Les notes et les décisions sont consignées dans un procès-verbal et archivées.

Notification et réclamations

Les résultats sont notifiés par écrit à toutes les organisations candidates, avec leur note globale et un bref motif. Une organisation peut adresser une demande d'éclaircissement ou une réclamation de procédure à l'adresse électronique de l'appel dans un délai de 7 jours après la notification ; elle est examinée par une personne extérieure au comité. Les évaluations des autres candidates restent confidentielles.

CONTRACTUALISATION, ACCOMPAGNEMENT ET SUIVI

Pour les trois initiatives bénéficiant d'une bourse

Avant tout versement, MdM Suisse et l'organisation valident ensemble les activités, le budget, le calendrier, les responsabilités et les modalités de suivi, et vérifient les pièces administratives et les modalités de paiement (compte bancaire ou autre moyen de paiement). Les engagements sont formalisés dans une convention. Le versement se fait en au moins deux tranches, la seconde après la validation par MdM Suisse du rapport final d'activité ; la monnaie de paiement est en Gourdes. Les règles d'éligibilité des dépenses, les justificatifs attendus et les obligations de rapportage figurent dans la convention, sur la base de formats simples. Les conventions reprennent les engagements applicables du contrat de financement du projet (visibilité, justification des dépenses, contrôle et audit).

Pour les sept autres initiatives

Un plan d'accompagnement est convenu avec chaque organisation : régularisation administrative selon le statut, appui technique pour consolider l'initiative et définir comment elle sera développée et mise à l'essai, mentorat, mise en réseau.

Suivi et documentation

Les organisations documentent les activités réalisées, les personnes touchées, les résultats observés et les leçons tirées, selon des modalités adaptées au niveau d'appui reçu. Les données sont ventilées par sexe, âge et statut (personnes déplacées, personnes en situation de handicap) et alimentent les indicateurs du projet. MdM Suisse et RAMSA assurent un suivi régulier et peuvent visiter les activités. Les outils et supports créés pourront être partagés avec d'autres organisations pour favoriser la capitalisation, avec mention de l'organisation qui les a conçus.

RÉSULTATS ET LIVRABLES ATTENDUS

Livrable	Description	Échéance
Convention ou plan d'accompagnement	Document d'engagement validé avec MdM Suisse (bourses) ou plan d'accompagnement (autres initiatives), avec activités, budget (bourses) et calendrier.	Avant le démarrage
Plan de travail et budget finalisés	Version ajustée de la note conceptuelle et du budget, après échanges avec MdM Suisse.	Avant le démarrage
Rapport d'étape	Activités réalisées, personnes touchées, difficultés, ajustements ; état des dépenses pour les bourses.	A mi-parcours
Rapport final narratif et financier	Résultats observés, enseignements, justificatifs financiers (bourses) sur canevas simplifié.	Au plus tard trente (30) jours au terme du projet
Documentation de l'initiative	Description de l'approche, outils ou supports produits, résultats observés et enseignements, sans donnée identifiante de survivantes.	Avec le rapport final

PRINCIPES ÉTHIQUES ET DE PROTECTION

Les organisations candidates et les initiatives retenues s'engagent à respecter les principes suivants :

- respect de la dignité, des droits et de la sécurité des personnes, et principe « ne pas nuire » : l'initiative ne doit exposer ni les participantes, ni les survivantes, ni les équipes ;
- non-discrimination et inclusion des personnes exposées à des vulnérabilités spécifiques ;
- confidentialité et protection des données personnelles ; consentement éclairé pour toute collecte d'informations, de photos ou d'enregistrements ;
- prévention de l'exploitation, des abus et du harcèlement sexuels, conformément à la politique de MdM Suisse (avec signature d'un code de conduite), et de toute forme de violence dans le cadre des activités ;
- absence de sollicitation de témoignages ou de données identifiantes de survivantes à des fins de candidature, de communication ou de démonstration de résultats ; orientation de toute personne en demande d'aide vers les services compétents ;
- signalement sans délai à MdM Suisse de tout incident ou de toute préoccupation de protection ; les retours et plaintes peuvent être adressés au mécanisme de redevabilité du projet, dont les contacts seront communiqués aux organisations retenues ;
- déclaration de tout conflit d'intérêts, exactitude des informations transmises et utilisation des ressources conformément aux engagements pris.

CALENDRIER INDICATIF

Il correspond à la date de publication de l'appel. Les dates précises sont communiquées à la publication.

Étape	Délai indicatif
Publication et diffusion de l'appel (affichage, radios, réseaux partenaires)	T0
Date limite des questions	T0 + 2 semaines
Date limite de dépôt des dossiers	T0 + 2 semaines
Vérification, évaluation et délibération	1 semaine après la date limite
Validation du classement et notification des résultats	Environ 1 semaine après la délibération
Contractualisation et démarrage de l'accompagnement	La contractualisation devra être achevée 2026. Le démarrage des activités peut être lancé après signature dès 2026 ou en 2027
Mise en œuvre, suivi et documentation	2027

RESPONSABILITÉS

Acteur	Responsabilités
MdM Suisse – Haïti	Organisation responsable de l'appel ; validation des TDR et des outils ; réception des dossiers ; constitution du comité ; validation du classement ; contractualisation, suivi de conformité et de protection.

Acteur	Responsabilités
RAMSA	Diffusion de l'appel et information des organisations dans les communes ; appui à la compréhension des conditions ; participation à l'accompagnement communautaire et technique ; sans rôle dans l'évaluation des dossiers pour lesquels un lien existe.
Comité de sélection	Examen impartial des dossiers ; notation selon la grille ; déclaration des conflits d'intérêts ; procès-verbal et proposition de classement.
Organisations retenues	Mise en œuvre conforme aux engagements ; suivi, documentation et transmission des rapports ; respect des règles de protection.

Le Coordinateur Général pour Médecins du Monde Suisse en Haïti
Adis Kajic

ANNEXE 1 – FICHE D'IDENTIFICATION DE L'ORGANISATION

Rubrique	À compléter
Nom complet et sigle de l'organisation	
Statut (OSC / OCB ; constituée, en cours de régularisation, non formalisée)	
Année de création et nombre de membres	
Commune(s) d'intervention	
Adresse et coordonnées (téléphone, e-mail)	
Responsable de l'organisation (nom, fonction)	
Composition de la direction (nombre de femmes / d'hommes)	
Mission et principales activités	
Lien éventuel avec MdM Suisse ou RAMSA (à déclarer)	

ANNEXE 2 – CANEVAS DE NOTE CONCEPTUELLE (6 PAGES MAXIMUM)

Rubrique	Informations à fournir
A. Titre et résumé	Titre ; commune(s) ; durée proposée ; idée et changement recherché (une demi-page).
B. Problème et justification	Quel problème local ? Qui est concerné ? Sur quels constats locaux repose la proposition ?
C. Objectifs et bénéficiaires	Objectif général et objectifs spécifiques ; groupes concernés ; nombre estimé de personnes touchées (femmes, hommes, filles, garçons).
D. Approche innovante	Qu'est-ce qui est nouveau ou amélioré ? Pourquoi cette approche convient-elle au contexte ? Comment les femmes participent-elles aux décisions ?
E. Activités et méthode	Activités principales, déroulement, partenaires communautaires, participation des hommes et des garçons, inclusion et accessibilité.
F. Protection et gestion des risques	Risques pour les participantes et les équipes ; mesures de confidentialité et de consentement ; orientation vers les services.
G. Résultats et suivi	Résultats attendus ; indicateurs simples ; comment l'initiative sera testée et documentée.

Rubrique	Informations à fournir
H. Durabilité	Comment les acquis seront-ils maintenus ou repris par l'organisation ou la communauté ?

ANNEXE 3 – STRUCTURE INDICATIVE DU BUDGET

Budget en USD, adapté à l'initiative et justifié rubrique par rubrique. Les dépenses admissibles seront précisées dans la convention.

Rubrique	Description / justification	Montant (USD)
Ressources humaines	Fonctions directement nécessaires à l'initiative.	
Activités communautaires	Réunions, ateliers, dialogues, mobilisation, événements.	
Communication et supports	Supports de sensibilisation, radio, théâtre ou autres canaux.	
Transport et logistique	Déplacements liés à la mise en œuvre.	
Matériel et fournitures	Matériel directement lié aux activités.	
Suivi et documentation	Collecte d'informations, documentation, apprentissage.	
Autres coûts justifiés	À détailler.	
TOTAL		

ANNEXE 4 – DÉCLARATION D'ENGAGEMENT

Je soussigné(e) _____, représentant(e) de l'organisation _____, déclare sur l'honneur que :

- Les informations fournies dans ce dossier sont exactes
- Je n'ai connaissance d'aucun conflit d'intérêts avec MdM Suisse, RAMSA ou les membres du comité de sélection, ou je l'ai déclaré dans mon dossier
- L'organisation s'engage à respecter les principes éthiques et de protection décrits dans les termes de référence, y compris la prévention de l'exploitation et des abus sexuels, la confidentialité et la non-discrimination
- L'organisation n'a pas demandé de témoignages ni de données identifiantes de survivantes pour préparer sa candidature.

Fait à _____, le ____ / ____ / _____

Nom, fonction et signature : _____

TÈM REFERANS

Apèl pou pwojè konpetitif : Bous inovasyon « Prevansyon VBG » pou òganizasyon sosyete sivil yo ak òganizasyon kominotè baz fanm yo nan Depatman Sid, an Ayiti

Tradiksyon an kreyòl ayisyen. Se vèsyon an fransè a ki fè lwa.

Eleman	Enfòmasyon
Tit	Apèl pou pwojè konpetitif – Bous inovasyon « Prevansyon VBG »
Òganizasyon responsab	Médecins du Monde Suisse (MdM Suisse) – Ayiti
Patnè k'ap mete l an aplikasyon	Rasanbleman Madan Sara Ayiti (RAMSA)
Piblik vize	Òganizasyon sosyete sivil (OSC) ak òganizasyon kominotè baz (OCB) fanm yo
Zòn entèvansyon	Ayiti, Depatman Sid : Aken (Aquin), Kavayon (Cavaillon), Chantal, Tobèk (Torbeck), Pòsali (Port-Salut) ak Wòch-a-Bato (Roche-à-Bateau)
Inisyativ yo pral chwazi	10 inisyativ : 3 bous finansye ak 7 inisyativ ki pral jwenn akonpayman enstitisyonèl ak teknik
Dire mizan aplikasyon an	Soti 90 jiska 180 jou, sa vle di 3 a 6 mwa apati dat siyati konvansyon an
Lang depo a	Fransè
Referans	A3PV/HAI/APPEL/2026
Dat piblikasyon	20 novanm 2026
Dat limit depo	15 jou apati dat piblikasyon an

KONTÈKS

Médecins du Monde Suisse (MdM Suisse) ap mete an aplikasyon, ansanm ak patnè lokal Rasanbleman Madan Sara Ayiti (RAMSA), pwojè « Fanm, gason ak kominote yo, ansanm pou anpeche vyolans ki baze sou jan epi pwomouvwa egalite nan Depatman Sid, an Ayiti » (pwojè A3PV), soti 1ye fevriye 2026 rive 31 janvye 2029, avèk sipò Koperasyon swis la (DDC).

Depatman Sid la ap travèse yon kontèks ki make pa gwo vilnerabilite sosyoekonomik, sèvis debaz ki fèb ak nòm sosyal enegalitè ki kontinye egziste, sa ki ogmante risk vyolans ki baze sou jan (VBG). Nan mwa septanm 2025, apre Lwès, se li ki te akeyi pi gwo kantite moun ki deplase andedan peyi a (200 907 moun), pifò nan yo nan fanmi k'ap akeyi yo, sa ki ogmante presyon sou kominote ki deja fragilize yo.

Fanm ak tifi yo, sitou sa ki angaje nan ekonomi enfòmèl la tankou Madan Sara yo, ap fè fas ak plis risk vyolans, pandan y'ap jwe yon wòl santral pou siviv ekonomik fwaye yo ak pou koyezyon kominotè a.

Nan kontèks sa a, mekanis kominotè pou prevansyon, alèt ak oryantasyon sivivan yo rete fèb oswa pa egziste nan plizyè komin, epi òganizasyon lokal yo, sitou sa ki fanm yo, gen ti mwayen pou pote pwòp inisyativ pa yo. Aktivite 1.1.2 pwojè a, « Bous inovasyon “prevansyon VBG” pou OSC ak OCB yo », reponn ak bezwen sa a: li gen pou objektif ankouraje, finanse ak akonpaye inisyativ lokal ki fèt epi ki dirije pa òganizasyon fanm yo.

BRÈF PREZANTASYON PWOJÈ A

Pwojè A3PV a baze sou yon apwòch entegre ki mete ansanm prevansyon kominotè, ranfòsman kapasite lokal, pwomosyon egalite jan ak patisipasyon aktif kominote yo. Li gen twa aks :

- ranfòsman OSC ak OCB fanm yo pou yo ka enfliyanse nòm sosyal yo ak pratik kominotè yo sou tan long
- ranfòsman wòl ak lidèchip « Madan Sara » yo kòm aktris prevansyon ak anbasadris nan lit kont VBG
- mobilizasyon gason ak gason jèn yo ansanm ak etablisman lekòl yo otou yon apwòch maskilinite pozitif.

Apèl sa a antre nan premye aks la (Rezilta 1, Pwodui 1 : OSC ak OCB yo mobilize epi yo inove nan prevansyon VBG). Inisyativ yo pral sipòte yo konplemantè ak lòt aktivite pwojè a (komite lit kont VBG yo, Madan Sara yo, gwoup gason « Bon Gason » yo, lekòl yo) epi, si gen okazyon, yo ka apiye sou priyorite kominote yo idantifye nan Dyagnostik Kominotè Patisipatif la ak nan plan aksyon lokal yo.

OBJEKTIF AK REZILTA N AP ATANN

Objektif jeneral

Ankouraje, finanse epi akonpaye inisyativ lokal ki inovatè, ki pote pa OSC ak OCB fanm yo, pou ranfòse prevansyon kominotè VBG ak pwomosyon egalite jan nan sis komin vize yo nan Depatman Sid la.

Objektif espesifik

- Idantifye inisyativ kominotè ki pètinan, ki inovatè epi ki adapte ak reyalite komin vize yo
- Chwazi dis (10) inisyativ ki gen pwomès apre yon pwosesis konpetitif, transparan epi ki dokimante
- Bay twa (3) bous finansye bay inisyativ ki pi byen klase yo
- Bay sèt (7) lòt inisyativ ki retni yo yon akonpayman enstitisyonèl ak teknik
- Kontribye nan devlopman ak mizan esè dis inisyativ kominotè inovatè pou prevansyon VBG, epi dokimante rezilta yo ak leson yo aprann.

Rezilta n ap atann

- Yon apèl pou pwojè konpetitif òganize yon fason ki jis, aksesib epi ki dokimante
- Dis (10) inisyativ kominotè inovatè pou prevansyon VBG chwazi
- Twa (3) inisyativ ki pi byen klase yo finanse epi mete an aplikasyon

- Sèt (7) lòt inisyativ ki retni yo jwenn akonpayman epi yo devlope dapre yon plan yo te dakò sou li
- Rezilta yo ak leson dis inisyativ yo dokimante epi pataje.

NATIRÈL API A

Inisyativ	Sipò
Bous « Catherine Flon » – 1ye inisyativ klase	Sibvansyon 655 500,00 HTG (plafon)
Bous « Sanite Bélair » – 2yèm inisyativ klase	Sibvansyon 524 400,00 HTG (plafon)
Bous « Défilée Bazile » – 3yèm inisyativ klase	Sibvansyon 393 300,00 HTG (plafon)
Sèt (7) lòt inisyativ ki retni yo	Akonpayman enstitisyonèl ak teknik ; pa gen sibvansyon finansye

Twa (3) bous yo pote non twa ewoyin endepandans Ayiti yo : Catherine Flon, Sanite Bélair ak Défilée Bazile, pou onore kouraj yo ak angajman yo pou libète.

- **Montan bous la.** Li koresponn ak bidjè jistifye inisyativ la, nan limit plafon ki asosye ak ran li a. Si bidjè yo prezante a depase plafon sa a, yo ajiste pèrimèt ak bidjè inisyativ la ansanm ak MdM Suisse anvan yo siyen konvansyon an.
- **Akonpayman enstitisyonèl ak teknik.** Li gen ladan l, dapre bezwen yo idantifye ak chak òganizasyon : yon sipò pou demach regilarizasyon administrativ (pa egzanp peye oswa renouvle patant lan, dapre estati a), yon ranfòsman teknik (tankou fòmasyon sou prevansyon VBG, maskilinite pozitif, egalite jan), yon mantora ak yon mizan rezo. Yo fòmalize l nan yon plan akonpayman ki dakò ak òganizasyon an.

PÈRIMÈT AK INISYATIV N AP ATANN

Inisyativ yo dwe mete an aplikasyon nan youn oswa plizyè nan sis komin vize yo : **Aken, Kavayon, Chantal, Torbèk, Pòsali ak Wòch-a-Bato**. Lè kalite a egal, komite seleksyon an ap veye pou gen yon bon distribisyon jeyografik ant komin yo.

Pwopozisyon yo dwe kontribye dirèkteman nan prevansyon VBG ak nan pwomosyon egalite jan, pati de reyalite ak bezwen kominote yo, epi montre kijan fanm yo ak òganizasyon fanm yo konsevwa epi dirije inisyativ la. Kòm endikasyon, yo ka pote sou:

- sansibilizasyon kominotè sou diferan fòm VBG, sou egalite jan, sou respè ak konsantman
- dyalòg kominotè ki enplike fanm, gason, jèn ak lidè kominotè, tradisyonèl ak relijye
- mobilizasyon ak fòmasyon relè kominotè ki kapab rekonèt sitiyasyon VBG, koute avèk respè epi oryante moun yo vè sèvis ki apwopriye yo
- kreyasyon oswa eksperimantasyon zouti, sipò oswa metòd inovatè pou prevansyon ak transfòmasyon nòm sosyal yo
- kominikasyon kominotè (radyo lokal, teyat popilè, lòt fòm ekspresyon ki adapte ak kontèks la)
- ranfòsman solidarite, patisipasyon ak lidèchip fanm yo nan prevansyon VBG.

Inisyativ yo ap pran an konsiderasyon divèsite moun ki ekspoze ak risk VBG, dapre apwòch « Leave No One Behind » pwojè a: fanm ak tifi, gason ak ti gason, moun ki deplase andedan peyi a, moun ki gen andikap ak moun LGBTQI+.

Egzijans kalite. Yon pwopozisyon pa ka limite l nan yon seri aktivite sansibilizasyon : li eksplike chanjman yo vle a, moun ki konsène yo, metòd la, rezilta yo atann yo ak fason inisyativ la pral teste epi dokimante.

Pa pral finanse : swen medikal, sikososyal oswa jiridik dirèk pou sivivan lè òganizasyon an pa gen konpetans ki nesesè a (men oryantasyon vè sèvis ki egziste yo, se sa n ap atann), kolèk temwayaj ki idantifye sivivan ; aktivite ki gen karaktè politik pataman oswa relijye ; achte machin ; ranbousman dèt ; depans ki deja finanse pa yon lòt sous.

KRITÈ ELIJIBILITE

Kondisyon ki gen rapò ak òganizasyon an

- Se yon OSC oswa yon OCB **fanm**, sa vle di yon òganizasyon yon fanm dirije oswa ki gen yon majorite fanm nan enstans direksyon li yo, epi kote fanm yo patisipe vrèman nan desizyon yo ak nan kondwit aktivite yo
- mennen aktivite nan omwen youn nan sis komin vize yo epi gen yon rasin kominotè
- demontre yon konesans reyalite lokal yo ak yon angajman pou prevansyon VBG ak egalite jan
- kapab mete an aplikasyon, swiv epi dokimante inisyativ la, avèk akonpayman ki prevwa a
- aksepte prensip etik, pwoteksyon, konfidansyalite ak non-diskriminasyon ki dekri nan seksyon « Prensip etik ak pwoteksyon ».

Kondisyon ki gen rapò ak inisyativ la

- Dwe mete l an aplikasyon nan youn oswa plizyè nan sis komin vize yo
- reponn klèman ak yon pwoblèm prevansyon VBG ak/oswa pwomosyon egalite jan
- dwe konsevwa epi pote pa òganizasyon ki kandida a, avèk patisipasyon reyèl kominote ki konsène yo
- dwe fezab nan dire ki prevwa a ak nan bidjè a, epi kapab bay rezilta ki ka obsève
- prevwa mezi swivi, aprantisaj ak dokimantasyon, ansanm ak mezi pou pa ekspoze patisipan yo ak risk.

Kondisyon administratif

Chak òganizasyon ka depoze **yon sèl kandidati**. Dokiman yo mande yo depann de estati òganizasyon an:

- **OSC ki konstitye :** resepise, estati oswa rekonesans ofisyèl (pa egzanp akt rekonesans legal Ministè Zafè Sosyal oswa mè a, patant lan si gen youn, lis manm biwo a)
- **OCB ki poko fòmalize oswa ki nan pwosesis regilarizasyon :** yon lèt rekonesans yon otorite lokal (Lamèri, CASEC/ASEC) oswa yon patnè enstitisyonèl, lis manm biwo a ak kowòdone yo.
- Òganizasyon yo chwazi nan kad apèl pou pwojè sa a dwe gen yon kont labank nan yon bank komèsyal oswa nan yon enstitisyon mikwofinans.

Absans yon patant ajou pa yon motif ègzklizyon otomatik : yo ap egzamine estati òganizasyon an, epi akonpayman ki prevwa a pral pote sitou sou regilarizasyon sa a.

Lyen enterè. Òganizasyon ki gen lyen ak MdM Suisse oswa ak RAMSA (manm, patnè, anplwaye oswa fanmi pwòch responsab yo) dwe deklare lyen sa a nan dosye yo. Moun ki konsène yo pa patisipe nan evalyasyon dosye ki koresponn lan. Òganizasyon ki deja patnè pwojè a (pa egzanp sa ki benefisye sipò pou ranfòsman kapasite) ka kandida nan menm kondisyon yo epi yo evalye dapre menm grij evalyasyon an.

DOSYE KANDIDATI

Yo dwe ekri dosye a an **fransè**. Gen kanva senplifye ki bay an anèks pou pa dezavantaje òganizasyon ki gen kapasite redaksyon limite. Yo ofri yon èd pou konprann ak ranpli dosye a pandan seyans enfòmasyon yo epi sou demann, san sa pa gen enfliyans sou evalyasyon an.

Dokiman	Sa n ap atann
1. Lèt kandidati ak fich idantifikasyon (Anèks 1)	Idantite òganizasyon an, komin entèvansyon yo, responsab yo, kowòdone yo, estati ; motivasyon nan yon paj maksimòm.
2. Nòt konseptyèl (Anèks 2)	Pwoblèm lan, chanjman yo vle a, benefisyè yo, apwòch inovatè a, aktivite yo, patisipasyon fanm yo ak kominote yo, enklizyon, pwoteksyon ak jesyon risk, rezilta, swivi, dirabilite. 6 paj maksimòm.
3. Plan travay ak bidjè (Anèks 3)	Kwonogram senp ak bidjè detaye epi jistifye, an Goud (HTG).
4. Dokiman administratif	Dapre estati òganizasyon an (gade « Kondisyon administratif »).
5. Eksperyans ak referans	Yon paj : aksyon kominotè yo deja mennen ak referans ki disponib (atestasyon, rapò, foto, lèt patnè).
6. Deklarasyon angajman siyen (Anèks 4)	Egzaktitid enfòmasyon yo, absans konfli enterè, respè prensip etik ak pwoteksyon yo.

MODALITE DEPO

Modalite	Enfòmasyon
Adrès elektwonik	haiti.appel.projet@medecinsdumonde.ch, ak mansyon « A3PV Haiti Sud – Bourses innovation » nan objè a.
Dat ak lè limit	15 jou apati dat piblikasyon an, sa vle di 4 desanm 2026 a 12è (midi). Yo pa egzamine dosye ki resevwa apre dat sa a.
Kesyon	Alekri, o pi ta anvan fèmen apèl pou pwojè a. Repons ki gen enterè jeneral yo kominike bay tout òganizasyon yo.

Modalite	Enfòmasyon
Seyans enfòmasyon	Nan komin vize yo, ansanm ak anons nan radyo.
Akize resepsyon	Yo remèt li oswa voye l bay chak òganizasyon kandida.

Yo egzamine dosye yo apre dat limit la, sou yon menm baz. Apèl la pa fèmen anvan dat sa a. Se sèlman dosye ki konplè yo evalye.

EVALYASYON AK SELEKSYON

Etap yo

- Resepsyon ak anrejistreman dosye yo
- Verifikasyon resevabilite ak elijibilite
- Evalyasyon endividyèl chak dosye pa manm komite a, dapre grij evalyasyon ki anba a
- Deliberasyon komite a, etablisman klasman an ak pwopozisyon dis inisyativ ki retni yo, yo ka envite òganizasyon ki pi byen klase yo pou yon echanj oswa yon vizit verifikasyon
- Validasyon klasman an pa direksyon MdM Suisse – Ayiti
- Notifikasyon rezilta yo bay tout òganizasyon kandida yo.

Grij evalyasyon

Kritè	Eleman apresyasyon	Pwen
Pètinans ak aliyman	Repons ak yon pwoblèm lokal prevansyon VBG kowerans ak objektif pwojè A3PV a, pran an konsiderasyon priyorite kominote yo.	15
Patisipasyon ak lidèchip fanm yo, enklizyon	Wòl desizyon fanm yo, patisipasyon kominote yo, pran an konsiderasyon gwoup ki ekspoze ak vilnerabilite espesifik, enplikasyon gason ak jèn yo.	15
Inovasyon ak adaptasyon ak kontèks la	Karaktè nouvo oswa amelyorasyon enpòtan yon apwòch ki egziste deja, kreyativite, adaptasyon ak reyalite lokal yo.	15
Kalite demach la ak fezabilite	Klète metòd la, kowerans aktivite yo, reyalis kwonogram nan, repatisyon responsabilite yo.	15
Pwoteksyon ak jesyon risk	Mezi konfidansyalite, sekirite ak konsantman, prevansyon risk pou patisipan yo, oryantasyon vè sèvis yo. **Nòt minimòm 5/10 egzije.**	10
Rezilta, swivi ak aprantisaj	Rezilta konkrè n ap atann, endikatè senp, kapasite pou teste epi dokimante inisyativ la.	10
Rasin, kapasite ak dirabilite	Eksperyans ak referans, rasin kominotè, apwopriyasyon lokal, pèspektiv kontinwite.	10

Kritè	Eleman apresyasyon	Pwen
Kowerans bidjetè	Bidjè detaye, jistifye epi pwopòsyone ak aktivite yo ak rezilta n ap atann yo.	10
TOTAL		**100**

- **Sèy minimòm :** 60/100. Yon dosye ki gen mwens pase 5/10 nan kritè « Pwoteksyon ak jesyon risk » pa ka retni.
- **Egalite nòt :** priyorite bay pi bon nòt nan kritè « Pètinans ak aliyman », answit nan kritè « Pwoteksyon ak jesyon risk ».
- **Mwens pase dis dosye ki kalifye :** se sèlman inisyativ ki rive nan sèy la ki retni, MdM Suisse ka lanse yon apèl konplemantè si sa nesesè.
- **Dezistman :** yo mande pwochen inisyativ nan klasman an.

Komite seleksyon

Yo konstitye komite a anvan evalyasyon an kòmanse. Li gen ladan l de manm MdM Suisse, yon manm RAMSA ak yon reprezantan Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm.

Chak manm siyen yon deklarasyon konfidansyalite ak prevansyon konfli enterè. Nenpòt manm ki nan yon sitiyasyon konfli enterè reyèl, potansyèl oswa aparan ak yon kandida dwe deklare l epi li pa patisipe nan evalyasyon dosye kandida sa a. Yo konsiyen nòt yo ak desizyon yo nan yon pwosè-vèbal epi yo achive yo.

NOTIFIKASYON AK REKLAMASYON

Yo notifye rezilta yo alekri bay tout òganizasyon kandida yo, ak nòt global yo ak yon kout motif. Yon òganizasyon ka voye yon demann eklèsisman oswa yon reklamasyon sou pwosedi a nan adrès elektwonik apèl la, nan yon delè 7 jou apre notifikasyon an, yon moun ki deyò komite a egzamine li. Evalyasyon lòt kandida yo rete konfidansyèl.

KONTRAKTYALIZASYON, AKONPAYMAN AK SWIVI

Pou twa inisyativ ki benefisye yon bous

Anvan nenpòt vèsman, MdM Suisse ak òganizasyon an valide ansanm aktivite yo, bidjè a, kalandriye a, responsabilite yo ak modalite swivi yo, epi yo verifye dokiman administratif yo ak modalite peman yo (kont labank oswa lòt mwayen peman). Yo fòmalize angajman yo nan yon konvansyon. Vèsman an fèt an omwen de tranch, dezyèm lan apre MdM Suisse fin valide rapò final aktivite a, lajan peman an se Goud. Règ elijibilite depans yo, jistifikatif yo atann yo ak obligasyon rapòtaj yo make nan konvansyon an, sou baz fòma senp. Konvansyon yo reprann angajman ki aplikab nan kontra finansman pwojè a (vizibilite, jistifikasyon depans, kontwòl ak odit).

Pou sèt lòt inisyativ yo

Yo dakò sou yon plan akonpayman ak chak òganizasyon : regilarizasyon administrativ dapre estati a, sipò teknik pou konsolide inisyativ la epi defini kijan li pral devlope ak mete l a l'esè, mantora, mizan rezo.

Swivi ak dokimantasyon

Òganizasyon yo dokimante aktivite yo reyalize, moun yo touche, rezilta yo obsève ak leson yo tire, dapre modalite ki adapte ak nivo sipò yo resevwa. Yo ventile done yo dapre sèks, laj ak estati (moun ki deplase, moun ki gen andikap) epi yo alimante endikatè pwojè a. MdM Suisse ak RAMSA ap asire yon swivi regilye epi yo ka vizite aktivite yo. Zouti ak sipò yo kreye yo ka pataje ak lòt òganizasyon pou ankouraje kapitalizasyon, ak mansyon òganizasyon ki te konsevwa yo.

REZILTA AK LIVRAB N AP ATANN

Livrab	Deskripsyon	Dat limit
Konvansyon oswa plan akonpayman	Dokiman angajman valide ak MdM Suisse (bous) oswa plan akonpayman (lòt inisyativ yo), ak aktivite, bidjè (bous) ak kalandriye.	Anvan demaraj
Plan travay ak bidjè final	Vèsyon ajiste nòt konseptyèl la ak bidjè a, apre echanj ak MdM Suisse.	Anvan demaraj
Rapò etap	Aktivite reyalize, moun touche, difikilte, ajisteman, eta depans pou bous yo.	A mitan aplikasyon an
Rapò final naratif ak finansye	Rezilta obsève, leson, jistifikatif finansye (bous) sou kanva senplifye.	Pi ta trant (30) jou apre fen pwojè a
Dokimantasyon inisyativ la	Deskripsyon apwòch la, zouti oswa sipò pwodui, rezilta obsève ak leson, san done ki idantifye sivivan.	Ansanm ak rapò final la

PRENSIP ETIK AK PWOTEKSYON

Òganizasyon kandida yo ak inisyativ ki retni yo angaje yo respekte prensip sa yo :

- respè diyite, dwa ak sekirite moun yo, ak prensip « pa fè dega »: inisyativ la pa dwe ekspoze ni patisipan yo, ni sivivan yo, ni ekip yo
- non-diskriminasyon ak enklizyon moun ki ekspoze ak vilnerabilite espesifik
- konfidansyalite ak pwoteksyon done pèsonèl, konsantman enfòme pou nenpòt kolèk enfòmasyon, foto oswa anrejistreman
- prevansyon eksplwatasyon, abi ak arasman seksyèl, dapre politik MdM Suisse (ak siyati yon kòd kondwit), ak nenpòt fòm vyolans nan kad aktivite yo
- pa mande temwayaj oswa done ki idantifye sivivan pou kandidati, kominikasyon oswa demontrasyon rezilta ; oryante nenpòt moun k ap mande èd vè sèvis ki konpetan yo
- siyale san reta bay MdM Suisse nenpòt ensidan oswa enkyetid pwoteksyon, yo ka voye retou ak plent yo bay mekanis redevabilite pwojè a, ki gen kontak li yo pral kominike bay òganizasyon ki retni yo,
- deklarasyon nenpòt konfli enterè, egzaktitid enfòmasyon yo transmèt ak itilizasyon resous yo dapre angajman yo pran.

KALANDRIYE ENDIKATIF

Li fè referans ak dat piblikasyon apèl la. Yo kominike dat egzak yo nan moman piblikasyon an.

Etap	Delè endikatif
Piblikasyon ak difizyon apèl la (afichaj, radyo, rezo patnè)	T0
Dat limit kesyon yo	T0 + 2 semèn
Dat limit depo dosye yo	T0 + 2 semèn
Verifikasyon, evalyasyon ak deliberasyon	1 semèn apre dat limit la
Validasyon klasman ak notifikasyon rezilta yo	Apeprè 1 semèn apre deliberasyon an
Kontraktyalizasyon ak demaraj akonpayman	Kontraktyalizasyon an dwe fini an 2026. Aktivite yo ka kòmanse apre siyati, depi 2026 oswa an 2027
Mizan aplikasyon, swivi ak dokimantasyon	2027

RESPONSABILITE

Aktè	Responsabilite
MdM Suisse – Ayiti	Òganizasyon responsab apèl la, validasyon TDR yo ak zouti yo ; resepsyon dosye yo, konstitisyon komite a, validasyon klasman an, kontraktyalizasyon, swivi konfòmite ak pwoteksyon.
RAMSA	Difizyon apèl la ak enfòmasyon òganizasyon yo nan komin yo ; sipò pou konprann kondisyon yo ; patisipasyon nan akonpayman kominotè ak teknik la, pa gen wòl nan evalyasyon dosye kote gen yon lyen.
Komite seleksyon	Egzamen enpatyal dosye yo, notasyon dapre grij la, deklarasyon konfli enterè, pwosè-vèbal ak pwopozisyon klasman.
Òganizasyon ki retni yo	Mizan aplikasyon dapre angajman yo, swivi, dokimantasyon ak transmisyon rapò, respè règ pwoteksyon yo.

Kowòdonatè Jeneral Médecins du Monde Suisse an Ayiti Adis Kajic

ANÈKS 1 – FICH IDANTIFIKASYON ÒGANIZASYON AN

Rubrik	Pou ranpli
Non konplè ak sigl òganizasyon an	
Estati (OSC / OCB, konstitye, nan pwosesis regilarizasyon, pa fòmalize)	

Rubrik	Pou ranpli
Ane kreyasyon ak kantite manm	
Komin entèvansyon	
Adrès ak kowòdone (telefòn, imèl)	
Responsab òganizasyon an (non, fonksyon)	
Konpozisyon direksyon an (kantite fanm / gason)	
Misyon ak prensipal aktivite	
Lyen ak MdM Suisse oswa RAMSA (pou deklare)	

ANÈKS 2 – KANVA NÒT KONSEPTYÈL (6 PAJ MAKSIMÒM)

Rubrik	Enfòmasyon pou bay
A. Tit ak rezime	Tit, komin yo, dire yo pwopoze a, lide a ak chanjman yo vle a (mwatye paj).
B. Pwoblèm ak jistifikasyon	Ki pwoblèm lokal ? Ki moun ki konsène ? Sou ki konstatasyon lokal pwopozisyon an baze ?
C. Objektif ak benefisyè	Objektif jeneral ak objektif espesifik, gwoup ki konsène yo, kantite moun yo estime yo pral touche (fanm, gason, tifi, ti gason).
D. Apwòch inovatè	Ki sa ki nouvo oswa amelyore ? Poukisa apwòch sa a adapte ak kontèks la? Kijan fanm yo patisipe nan desizyon yo ?
E. Aktivite ak metòd	Prensipal aktivite yo, kijan yo pral dewoule, patnè kominotè yo, patisipasyon gason ak ti gason yo, enklizyon ak aksesibilite.
F. Pwoteksyon ak jesyon risk	Risk pou patisipan yo ak ekip yo, mezi konfidansyalite ak konsantman, oryantasyon vè sèvis yo.
G. Rezilta ak swivi	Rezilta n ap atann, endikatè senp, kijan inisyativ la pral teste epi dokimante.
H. Dirabilite	Kijan òganizasyon an oswa kominote a pral kenbe oswa reprann sa yo jwenn yo ?

ANÈKS 3 – ESTRIKTI ENDIKATIF BIDJÈ A

Bidjè an Goud (HTG), adapte ak inisyativ la epi jistifye rubrik pa rubrik. Depans ki admisib yo pral presize nan konvansyon an.

Rubrik	Deskripsyon / jistifikasyon	Montan (HTG)
Resous imen	Fonksyon ki nesesè dirèkteman pou inisyativ la.	
Aktivite kominotè	Reyinyon, atelye, dyalòg, mobilizasyon, evènman.	
Kominikasyon ak sipò	Sipò sansibilizasyon, radyo, teyat oswa lòt kanal.	
Transpò ak lojistik	Deplasman ki gen rapò ak aplikasyon an.	
Materyèl ak founiti	Materyèl ki gen rapò dirèkteman ak aktivite yo.	
Swivi ak dokimantasyon	Kolèk enfòmasyon, dokimantasyon, aprantisaj.	
Lòt kou jistifye	Pou detaye.	
TOTAL		

ANÈKS 4 – DEKLARASYON ANGAJMAN

Mwen menm ....., reprezantan òganizasyon ....., mwen deklare sou lonè m ke :

- Enfòmasyon ki nan dosye sa a egzat
- Mwen pa konnen okenn konfli enterè ak MdM Suisse, RAMSA oswa manm komite seleksyon an, oswa mwen te deklare li nan dosye m
- Òganizasyon an angaje li respekte prensip etik ak pwoteksyon ki dekri nan tèm referans yo, ladan l prevansyon eksplwatasyon ak abi seksyèl, konfidansyalite ak non-diskriminasyon
- Òganizasyon an pat' mande okenn temwayaj ni done ki idantifye sivivan pou prepare kandidati li.

Fèt nan ....., le .... / .... / .....

Non, fonksyon ak siyati : .....